

6 me 2020

Chè fanmi,

Pandan n ap antre nan nouvo mwa a, n ap kontinye bay nou tout, fanmi nou yo ak kominote nou yo, enfòmasyon, materyèl, ak resous nou tout bezwen pou aprantisaj adistans lan pandan n ap konbat epidemi COVID-19 lan ansanm kòm yon Vil. Se yon pwosesis k ap kontinye, pandan n ap trase nouvo santye nan yon teritwa enkonvi yon aprantisaj adistans totalman. Pandan tout bagay sa yo, sante, pwoteksyon, ak sekirite kominote nou yo te rete pwen santral nou ak priyorite nou.

Kòm ou ka sonje, sousi pou sekirite ak vi prive elèv nou yo ak estaf nou yo, ladan entèripsyon endezirab ak danjre nan reyinyon yo, te fè nou entèdi itilizasyon ZOOM nan kòmansman mwa avril la. Se te yon desizyon ki te difisil pou nou pran, men apre nou te fin gade tout risk yo, nou konnen se te nan pi bon enterè kominote lekòl nou yo. Epi, jan nou te fè konnen sa lè nou te fè anons lan nan mwa avril la, nou t ap kontinye avèk Zoom ak lòt platfòm kolaborasyon sou entènèt pou asire elèv, pwofesè ak tout moun nan kominote DOE a gen mwayen entèksyon youn ak lòt ki pwoteje yo, ki an sekirite, ki respekte vi prive elèv.

Nou kontan pou anonse kounye a, apre plizyè semèn kolaborasyon avèk konpayi a, nou kapab ofri Zoom kounye a kòm yon platfòm ki an sekirite pou itilize atravè DOE. Tout lekòl ak elèv ap gen aksè gratis nan yon kont santral an sekirite DOE pou aprantisaj ak kolaborasyon. Travay nou avèk Zoom te gen ladan rive jwenn yon akò sou chifreman (encrypton) ak estokaj done, kreye anviwònman pou platfòm nou an pou asire se sèlman patisipan DOE ak espesifikman moun yo envite ki ka antre nan salklas oswa reyinyon, ak bay moun k ap òganize reyinyon yo plis kontwòl sou salklas yo ak reyinyon yo.

Sa vle di ke:

- Tout estaf ak elèv dwe itilize nouvo kont santral DOE a pou yo gen aksè nan Zoom.
- Tout elèv ak estaf DOE ap kapab antre nan *nycdoe.zoom.us* avèk imèl ak modpas DOE yo, epi y ap kapab itilize tout ansanm fonksyon Zoom ofri yo.
- Yo deja aranje kont santral DOE a pou tout patisipan pou asire pwoteksyon ak sekirite, sa ki pwoteje tout manm kominote nou yo.
- Pa gen okenn frè pou lekòl, pwofesè oswa founisè sèvis (pou itilize Zoom, ansanm avèk lòt platfòm yo deja apwouve tankou Microsoft ak Google)
- Nou pral ajoute Zoom nan tout iPad DOE yo


Tanpri ale sou paj pou kòmanse travay avèk Zoom lan (<https://www.schools.nyc.gov/learn-at-home/technical-tools-and-support/getting-started-with-zoom>) pou jwenn plis enfòmasyon sou kòman pou gen aksè nan Zoom, ladan:

- Kòman pou gen aksè nan Zoom DOE
- Nouvo mezi sekirite ak eksplikasyon pou itilize l
- Kontak pou sipò teknik pou fanmi

Nouvo akò nou genyen avèk Zoom lan ap bay timoun ou yo yon lòt fason pou yo konekte avèk lekòl yo, pwofesè yo ak estaf lekòl yo. Nou kontan dèske nou kapab gen yon lòt opsyon an sekirite pou kominote lekòl nou yo itilize pandan tan san parèy sa yo.

Kòm alòdinè, nou remèsye w pou fleksibilite w ak pasyans ou. Nou konnen kòman chak moun ap travay di pou sipòte pitit yo aprann lakay. Epi nou kontan kounye ou pral gen aksè nan yon lòt zouti Zoom ki pral ede avanse aprantisaj la.

Avèk senserite,



Richard A. Carranza  
Chanselye  
Depatman Edikasyon Vil Nouyòk